



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 1/24/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DÈNYE ENFÒMASYON SOU ENTÈVANSYON ETA A NAN TANPÈT LA AK MOVE TAN DANJERE YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te òganize yon seyan enfòmasyon ak otorite eta a sou dènye devlopman tanpèt la.

“Se te vreman yon tanpèt istorik, nou vanse byen, men nou poko fin travay,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Entèdiksyon vwayaj la leve, men Nouyòkè dwe toujou evite fè depasman ki pa nesèsè – tanpri pran prekosyon, planifye alavans epi asire sekirite nou. Mwen vle remèsye moun ekstraòdinè ki te travay san rete yo pou entèveni nan tanpèt la. Anpil ladan yo toujou deyò kote y ap eseye netwaye wout yo epi fè tout sèvis reprann nan rezo transpò piblik nou yo. Kit se te plizyè milye anplwaye eta ak lokal nou yo ki tap pèlte nèt oswa moun yo ki te tyeke vwazen yo ep te ofri èd yo, se te yon bèl egzant solidarite Nouyòkè nan moman nesèsite.”

Enèji elektrik : Genyen apeprè 172 kliyan ki san kouran pou kounye a nan tout rejyon downstate la – men plizyè milye moun te pèdi kouran nan diferan kote pandan tanpèt la – epi Komisyon Sèvis Piblik la te asire l konpayi sèvis piblik yo t ap fè sa yo konnen pou rebay kouran san pèdi tan. PSC a pwolonje lè travay liy sekou li a pou moun ka rapòte pann kouran epi jwenn plis enfòmasyon. Kliyan ka rele Liy Sekou Sant Apèl PSC a ant 7:30 a.m. ak 7:30 p.m. jou dimanch ak lendi pou yo jwenn èd ak preparasyon yo pou tanpèt la ak efò yo pou retabli apre. Ou ka rele Liy Sekou an nan nimewo 1-800-342-3377.

Ayewopò: Ayewopò LaGuardia ak JFK louvri epi gen avyon kap rantre ak pati, men anpil vòl anile epi gen plis ankò ki sipoze anile, kidonk nou rekòmande pasaje pou yo tyeke ak konpayi avyon yo anvan yo pran wout pou ayewopò. Jiska jounen jodi a, apeprè 85% vòl anile nan LaGuardia, e plis pase 50% anile nan JFK.

MTA

Bonè maten an, Gouvènè Cuomo bay dènye enfòmasyon yo sou sèvis MTA atravè rejyon downstate la. W ap jwenn enfòmasyon sa yo [isit la](#), men nou ankouraje vwayajè ale sou sit www.mta.info pou jwenn tou dènye enfòmasyon yo.

Entèdiksyon vwayaj leve/Sèvis reprann: Depi 7:00 a.m., entèdiksyon vwayaje la nan New York City ak Long Island leve, Otobis MTA reprann sèvis, epi pon ak tinèl louvre san okenn pwoblèm. Depi 9:00 a.m., sèvis limite retounen nan pi fò liy sobwe deyò MTA

yo. Sèten liy te nesese plis travay debleyaj nèt akòz gwo akimilasyon, epi MTA ap founi enfòmasyon pandan tout jounen an.

Metro-North: MTA Metro-North Railroad ap reprann sèvis nan estasyon periferik yo apre midi, epi lap tounen fonksyonen nèt anndan ak deyò Grand Central Terminal la bò 3:00 pm, kote la p opere sou yon orè dimanch. Grand Central Terminal ap ouvri pou kliyan detayan bò 8 am. W ap jwenn enfòmasyon sou yon liy spesifik nan www.mta.info. Pascack Valley Line reprann sèvis ak depa 1:58 p.m. an kap kite Hoboken. Sou Port Jervis Line lan, NJ Transit anonse sèvis nan Suffern, N.Y., kòmanse ak depa 12:25 p.m. orè nòminal la kap kite Hoboken. Premye tren kap kite Suffern la ap pati a 1:06 p.m. Metro-North ak NJ Transit toujou ap travay pou reprann sèvis pi lwen nan Eta New York jis apre Suffern.

LIRR: Anpil nan lakou triyaj tren yo toujou antere anba plis pase 2 pye nèt, tankou Harold Interlocking nan Queens, kote tou liy kwaze anvan yo rantre nan tinèl pou rantre Manhattan. Wout yo toujou bloke ak tren ki kwense nan kèk kote, alòske switch ki friz anpeche ekipman debleyaj nèt sou wout ray la deplase atravè rezo a pou rive nan zòn ki bezwen yo. Pou sipòte MTA nan travay debleyaj nèt la, plizyè ekip DOT, chasnèt ak lòt ekipman soti nan kèk kote Upstate pou ede. Ekip yo pral travay pandan tout jounen an pou repare wout ray la, kote l ap konsantre l plis sou wout ki gen plis sikilasyon yo dabò, ak objektif pou sèvis reprann pou anbouteyaj lendi maten an. W ap jwenn enfòmasyon sou pwogrè kap fèt pandan tout jounen an.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418